

**VERITE SENP**  
**Pou**  
**NOUVO KWAYAN an**

**(Kesyon ak Repons)**

DEZYEM EDISYON

VESYON 2.0

## **Avan Pwopo**

Pandan anpil ane, pèp Bondye a te konn ap itilize yon seri kesyon ak repons pou anseye pou ede yo anseye nouvo kwayan verite ki pi enpòtan pou yo. Liv sa a pral ofri yon nouvo jenerasyon moun k ap suiv Jezi verite enpòtan sa yo.

Liv sa a gen 144 kesyon ak repons ladan l. Chak kesyon gen yon repons ki vin tousuit apre l. Apre chak repons gen kèk vèsè ki chwazi nan Bib la ki vini. Chak vèsè gen tit liv li soti a, (pa egzanp : « Jenèz »). Tousuit apre non liv la gen chapit kote vèsè a soti a (pa egzanp : Chapit 2). Apresa nou jwenn vèsè a osinon vèsè yo (pa egzanp : Vèsè 3. Kidonk, Jenèz chapit de (2) vèsè twa (3) ta sanble ak sa : Jenèz 2 :3.

### **Yon adaptasyon :**

[www.clearandsimplemedia.org](http://www.clearandsimplemedia.org)

### **Pou jwenn yon vèsyon elektwonik nan liv sa , vizite :**

[www.asimpleword.org](http://www.asimpleword.org)

### **Tradiktè :**

[www.christian-translation.com](http://www.christian-translation.com)

Gen kèk repons k ap gen moso fraz (pa egzanp: K. 4).

**PREMYE PATI**  
**BONDYE AK MOUN**  
Kesyon 1 a 26

**DEZYEM PATI**  
**PECHE\* AK LALWA\***  
Kesyon 27 a 62

**TWAZYÈM PATI**  
**KRIS AK SALI\***  
Kesyon 63 a 90

**Katriyèm pati**  
**Lespri ak Legliz**  
Kesyon 91 a 117

**Senkyèm pati**  
**Lapriyè ak Lespwa**  
Kesyon 118 a 144

Lè ou wè mak sa a\*, li di w ou ka jwenn mo ki gen mak sa a  
nan lis mo ki nan fen liv la.

## **PREMYE PATI BONDYE AK MOUN**

**K.1** Ki moun ki te fè w ?

**R.** Bondye ki te fè m.

Jenèz 1 :26-27 ; Jenèz 2 :7 ; Tranvay 17 :26

**K.2** Kisa Bondye te fè ankò ?

**R.** Bondye te fè tout bagay.

Jenèz 1 :31 ; Sòm 33 :69 ; Kolosyen 1 :16-17

**K.3** Poukisa te fè w epi li te fè tout bagay ?

**R.** Bondye te fè m epi li te fè tout bagay pou pwòp glwa\* li.

Sòm 19 :1 ; Ezayi 43 :7 ; 1 Korentyen 10 :31

**K.4** Kouman w ka bay Bondye glwa\* ?

**R.** Mwen bay Bondye glwa\* lè m renmen Li ak lè m kwè nan Li. Epi lè m fè sa Li mande m pou m fè.

Matye 5 :16 ; Jan 14 :21 ; 1 Jan 5 :3

**K.5** Poukisa pou w bay Bondye glwa\*?

**R.** Paske Li te fè m epi li pran swen mwen.

Sòm 145 :9 ; 1 Pyè 5 :7 ; Revelasyon 4 :11

**K.6** Konbyen dye ki genyen ?

**R.** Gen yon sèl Bondye.

Detewonòm 6:4; Ezayi 45:5; Jeremi 10:10

**K.7** An konbyen moun sèl Bondye sa a egziste ?

**R.** Bondye egziste an twa (3) pèsòn.

Matye 3:16-17; Jan 5:23; Jan 10:30; Jan 15:26

**K.8** Kiyès yo ye?

**R.** Papa a, Pitit la, ak Sentespri a\*

Matye 28 :19 ; 2 Korentyen 13 :14 ; 1 Pyè 1 :2

**K.9** Kisa Bondye ye ?

**R.** Bondye se Lespri\*. Li pa gen yon kò moun.

Jan 4:24; 2 Korentyen 3:17; 1 Timote 1:17

**K.10** Èske Bondye te gen yon kòmansman?

**R.** Non, Bondye te toujou la epi Bondye ap toujou la.

Egzòd 3 :14 ; Sòm 90 :2 ; Ezayi 40 :28

**K.11** Èske Bondye chanje ?

**R.** Non, Bondye toujou menm nan.

Sòm 102 :26-27 ; Malachi 3 :6 ; Ebre 13 :8

**K. 12** Kote Bondye ye ?

**R.** Bondye toupatou.

Sòm 139 :7-12 ; Jeremi 23 :23-24 ; Travay 17 :27-28

**K.13** Èske ou ka wè Bondye ?

**R.** Non, mwen pa ka wè Bondye, men Li toujou wè mwen.

Sòm 33 :13-15 ; Pwovèb 5 :21 ; Jan 1 :18 ; 1 Timote 1 :17

**K.14** Èske Bondye konn tout bagay ?

**R.** Wi, Bondye konn tout bagay. Mwen pa ka kache anyen pou Bondye.

1 Samyèl 2:3; Pwovèb 15:3; Ebre 4:13

**K.15** Èske Bondye ka fè tout bagay ?

**R.** Wi, Bondye ka fè tout bagay ki sen\* Li vle.

Ezayi 46:9-10; Danyèl 4:34-35; Efezyen 1:11

**K.16** Ki kote pou m aprann jan pou m konnen, kwè, renmen epi obeyi Bondye?

**R.** Bondye montre mwen jan pou m konnen, kwè, renmen ak obeyi

Li nan pawòl li, Bib la.

Sòm 119:104-105; Jan 20:30-31; 2 Timote 3:15

**K.17** Kisa Bib la anseye ou?

**R.** Bib la anseye mwen laverite sou Bondye ak plan li pou rachte mond lan pa mwayen Jezikri. Epi li anseye m laverite sou tèt mwen.  
Sòm 119 :159-160 ; Jan 17 :17 ; 2 Timote 3 :14-17

**K.18** Kimoun ki te ekri Bib la ?

**R.** Moun Sentespri\* a te gide epi anseye.  
2 Pyè 1 :20-21 ; 2 Pyè 3 :15-16

**K.19** Kiyès ki te premye paran nou yo ?

**R.** Adan ak Èv.  
Jenèz 3 :20 ; Jenèz 5 :1-2

**K.20** Ki jan Bondye te fè premye paran nou yo ?

**R.** Bondye te fè kò Adan ak pousyè ki soti nan tè. Bondye te fè Èv soti nan kò Adan.  
Jenèz 2 :7 ; Jenèz 2 :21-23 ; Jenèz 3 :19 ; Sòm 103 :14

**K.21** Nan ki fason Adan ak Èv diferan ak tout lòt bagay Bondye te fè?

**R.** Bondye te fè Adan ak Èv ak pwòp imaj li.  
Jenèz 1 :26-27

**K.22** Kouman nou ka wè imaj Bondye nan Adan ak Èv?

**R.** Bondye te ba yo règ konsènan kreyasyon Li an. Yo te kapab konprann sa ki verite. Yo te ka renmen sa ki byen. Yo te ka jwi sa ki bèl. Yo te ka fè sa ki fè Bondye plezi. Yo te ka pale ak Bondye epi youn ak lòt.

Jenèz 1 :26-27 ; Jenèz 2 :7-9 ; Sòm 147 :10-11 ; Filipyen 4 :8

**K.23** Ki lòt bagay Bondye te bay Adan ak Èv apre kò yo ?

**R.** Bondye te ba yo nanm\* ki p ap janm mouri.  
Jenèz 2 :7 ; Detewonòm 6 :5 ; Eklezyas 12 :7 ; Matye 16 :26

**K.24** Èske w gen yon nanm\* menm jan ak yon kò ?

**R.** Wi, mwen gen yon nanm\* ki p ap janm mouri.

Zakari 12:1; Travay 7:59; 2 Korentyen 5:8

**K.25** Kouman Adan ak Èv te ye lè Bondye te fè yo?

**R.** Bondye te fè yo sen\* epi kontan. Yo t ap viv ak Bondye nan jaden Li te fè pou yo a.

Jenèz 1 :26-28 ; Jenèz 2 :15-17 ; Jenèz 2 :25 ; Sòm 8 :4-8

**K.26** Kisa Bondye te mande Adan ak Èv ?

**R.** Bondye te mande yo pou yo kwè epi obeyi Li nèt.

Jenèz 2 :15-17 ; Sòm 8 :4-8

## **Dezyèm pati Peché ak Lalwa**

**K.27** Èske Adan ak Èv te obeyi Bondye epi rete Sen\* epi kontan ?

**R.** Non yo pat obeyi. Yo te chwazi fè peché kont Bondye.

Jenèz 3 :6-8

**K.28** Kisa peché\* ye ?

**R.** Peché, se lè nou pa fè sa Bondye mande nou fè. Epi lè nou fè sa Bondye entèdi

Women 1 :32 ; Jak 2 :10-11 ; Jak 4 :17 ; 1 Jan 3 :4

**K.29** Kisa tout peché\* merite?

**R.** Tout peché\* merite kòlè ak pinisyon Bondye.

Detewonòm 27 :26 ; Women 1 :18 ; Women 6 :23; Efezyen 5:6

**K.30** Kisa ki te peché\* premye paran nou yo?

**R.** YO te manje fwi Bondye te mande yo pou yo pat manje a.

Jenèz 3 :1-5 ; Jan 8 :44 ; 2 Korentyen 11 :3 ; Revelasyon 12 :9

**K.31** Kiyès ki te tante yo pou yo fè peché\* ?

**R.** Dyab\* la te tante Èv epi Èv te bay Adan fwi a.

Jenèz 3 :1-5 ; Jan 8 :44 ; 2 Korentyen 11 :3 ; Revelasyon 12 :9

**K.32** Kisa ki te pase nan mond lan lè premye paran nou te fin peché ?

**R.** Bondye te pwononse yon malediksyon sou tè a. Epi lanmò te vini nan mond lan, jan Bondye te avèti yo a.

Jenèz 2 :15-17 ; Jenèz 3 :16-17

**K.33** Kisa ki te rive premye paran nou yo lè yo te fin fè peche ?

**R** Bondye te mete yo deyò nan jaden an. Yo pat sen\* epi kontan ankò. Nan plas sa, yo te pechè\* koupab, wont epi pè.

Jenèz 3:8-13; 16-19; 23

**K.34** Poutèt Adan te fè peche, kisa ki te rive tout moun ki t ap viv apre li yo ?

**R.** Tout lòt moun ki fèt apre Adan ak Èv, fèt pechè\*.

Sòm 51 :5 ; Women 5 :18-19 ; 1 Korentyen 15 :21-22

**K.35** Èske Bondye te kite mond anba malediksyon ? Èske li kite moun nan peche yo?

**R.** Non, Bondye te chwazi rachte yo. Bondye te pwomèt L ap voye yon Sovè\*.

Matye 1 :21 ; Jan 3 :16-17 ; 1 Jan 4 :14

**K.36** Kisa ki yon alyans\* ?

**R.** Yon alyans se yon pwomès serye ant de(2) oswa plizyè moun.

**K.37** Ki alyans Bondye te fè ak ak pèp Israyèl\* la

**R.** Bondye te pwomèt pou fè lafanmi Abraram nan tounen yon gran nasyon. Li te pwomèt pou beni tout nasyon yo nan Abraram.

Bondye te bay Moyiz Lalwa a. Li te pwomèt pou L avèk Moyiz epi pou L beni Israyèl si yo te obeyi Li epi suiv Lalwa li te ba yo a.

Bondye te pwomèt David l ap gen youn nan pitit gason li yo ki t ap vin yon gran wa epi renye pou tout tan.

Bondye te pwomèt yon jou li t ap fè yon lòt alyans. Li te pwomèt pou padone peche moun yo epi chanje chanje kè moun.

Jenèz 12 : 1-3 ; Jenèz 15 ; Ekzòd 24 : 3-7 ; 2 Samyèl 7 : 16

Jeremi 31 :31-34

## **Dis (10) Kòmandman yo**

**K.38** Kisa ki dis (10) kòmandman yo ?

**R.** Dis (10) kòmandman yo se pawòl Bondye te bay Moyiz pou pèp Israyèl\* la. Se Bondye menm ki te ekri dis(10) kòmandman yo sou de(2) wòch plat.

Ekzòd 31 :18 ; Detewonòm 9 :10

**K.39** Kisa ki kòmandman sa yo ?

**R.** Pa mete pyès dye devan Mwen.

Pa fè zidòl\* pou tèt ou ni adore\* li

Pa itilize non Seyè\* Bondye ou a nan move fason.

Sonje kenbe jou repo\* a sen.

Bay manman w ak papa w onè\*.

Pa touye pyès moun.

Pa komèt adiltè\*.

Pa vòlè.

Pa fè manti sou pwochen nou.

Pa pote lanvi sou pyès bagay ki pou pwochen.

Egzòd 20 :1-17

**K.40** Kiyès ki premyen kòmandman an ?

**R.** Premye kòmandman an se: Pa mete pyès lòt dye devan m.

Egzòd 20:3; Ezayi 45:5-6

**K.41** Kisa premye kòmandman an anseye?

**R.** Premye kòmandman an anseye nou pou nou bay Bondye glwa\* sèlman.

Sòm 44:20-21; Matye 4:10; Revelasyon 22: 8-9

**K.42** Kiyès ki dezyèm kòmandman an?

**R.** Dezyèm kòmandman an se : "Pa fè okenn zidòl\* ni adore\* li.

Egzòd 20 :4-6 ; Detewonòm 5 :8-10

**K.43** Kisa dezyèm kòmandman an anseye ?

**R.** Dezyèm kòmandman an anseye nou pou nou pa zidòl\* osinon

imaj.

Ezayi 44:10-11; Ezayi 46:5-9; Travay 17:29

**K.44** Kiyès ki twazyèm kòmandman an?

**R.** Twazyèm kòmandman an se: “Pa itilize non Seyè Bondye ou a nan move fason.

Egzòd 20:7; Detewonòm 5:11

**K.45** Kisa twazyèm kòmandman an anseye?

**R.** Twazyèm kòmandman an anseye nou pou nou pa itilize non Bondye nan yon fason ki pa moutre onore\* Li.

Ezayi 8 :13 ; Sòm 138 :2 ; Revelasyon 15 :3-4

**K.46** Kiyès ki katriyèm kòmandman an ?

**R.** Katriyèm kòmandman an se : « Sonje kenbe jou repo\* a sen.”

Egzòd 20:8-11; Detewonòm 5:12-15

**K.47** Kisa katriyèm kòmandman an anseye?

**R.** Katriyèm kòmandman an anseye nou pou nou onore\* Bondye nan repo nou, nan travay nou ak nan adorasyon nou.

Egzòd 16:23; Ezayi 58:13-14

**K.48** Kiyès ki senkyèm kòmandman an?

**R.** Senkyèm kòmandman an se: “Bay manman ak papa nou onè\*”.

Egzòd 20:12; Detewonòm 5:16

**K.49** Kisa senkyèm kòmandman an anseye?

**R.** Senkyèm kòmandman an anseye nou pou nou renmen epi obeyi paran nou yo.

Pwovèb 1:8; Efezyen 6:1-3; Kolosyen 3:20

**K.50** Kiyès ki sizyèm kòmandman an?

**R.** Sizyèm kòmandman an se: “Pa touye pyès moun.”

Egzòd 20:13; Detewonòm 5:17

**K.51** Kisa sizyèm kòmandman an anseye?

**R.** Sizyèm kòmandman an anseye nou pou nou pa rayi lòt moun

oswa retire lavi yon moun.

Jenèz 9:6; Matye 5:21-22; 1 Jan 3:15

**K.52** Kiyès ki setyèm kòmandman an?

**R.** Setyèm kòmandman an se: “Pa komèt adiltè\*.”

Egzòd 20:14; Detewonòm 5:18

**K.53** Kisa setyèm kòmandman an anseye?

**R.** Setyèm kòmandman an anseye nou nou pa dwe fè sèks ak ki pa mari oswa madanm nou.

Matye 5:27-28; Efezyen 5:3-4

**K.54** Kiyès ki uityèm kòmandman an?

**R.** Uityèm kòmandman an se: “Pa vòlè.”

Egzòd 20:15; Detewonòm 5:19

**K.55** Kisa uityèm kòmandman an anseye?

**R.** Uityèm kòmandman an anseye nou nou pa dwe pran bagay ki pou lòt moun.

Egzòd 20:16; Detewonòm 5:20

**K.56** Kiyès ki nevyèm kòmandman an?

**R.** Nevyèm kòmandman an se: “Pa bay manti sou pwochen ou.”

Egzòd 20:16; Detewonòm 5:20

**K.57** Kisa nevyèm kòmandman anseye?

**R.** Nevyèm kòmandman an anseye nou pou nou onèt epi pou nou di laverite.

Sòm 15 :1-3 ; Pwovèb 12 :17 ; 1 Korentyen 13 :6

**K.58** Kiyès ki dizyèm kòmandman an ?

**R.** Dizyèm kòmandman an se : « Pa pote lanvi sou pyès bagay ki pou pwochen ou. »

Egzòd 20 :17 ; Detewonòm 5 :21

**K.59** Kisa dizyèm kòmandman an anseye ?

**R.** Dizyèm kòmandman an anseye nou pou nou kontante\* nou ak sa

nou genyen.

Filipyen 4 :11 ; 1 Timote 6 :6 ; Ebre 13 :5.

**K.60** Èske moun jwif yo obeyi lalwa Bondye te bay Moyiz la?

**R.** Non. Yo dezobeyi lwa Bondye a epi Bondye pini yo, jan l te avèti yo a.

Detewonòm 9:12; Ezekyel 39:23

**K.61** Èske yon moun ka kenbe kòmandman Bondye nan tout fason?

....

**R.** Adan te dezobeyi Bondye. Depi lè sa a, pa gen yon sèl moun ki rive kenbe tout kòmandman Bondye yo in tout fason.

Eklezyas 7:20; Women 3:23; Jak 2:10

**K.62** Kisa dis (10) kòmandman yo moutre nou?

**R.** Dis (10) kòmandman yo anseye nou Bondye sen epi bon. Yo anseye nou jan pou nou moutre lanmou pou Bondye ak pou pwochen nou. Yo moutre nou nou bezwen yon Sovè\*

Eklezyas 12 :13 ; 1 Timote 1 :8-9 ; Women 3 :20 ; 5 :13 ; :7-11

Galat 3 :19-24

## **TWAZYEM PATI KRIS AK SALI**

**K.63** Kiyès ki Sovè\* a?

**R.** Sèl Sovè\* pechè\*yo se Seyè\* Jezikri.

Lik 2 :11 ; Travay 4 :11-12 ; 1 Timote 1 :15

**K.64** Kiyès ki Jezikri ?

**R.** Jezikri se pitit ki la pou tout tan\* Bondye a.

Jan 1 :1,14,18 ; Jan 3 :16,18 ; Galat4 :4 ; Kolosyen 1 :15-18 ;

Ebre 1 :1-3 ; 1 Jan 5 :20

**K.65** Poukisa Bondye te voye Pitit Gason Li an nan mond lan ?

**R.** Bondye te voye Pitit Gason Li an nan mond lan paske Li te renmen nou. Li te voye Pitit Gason li an paske Li se Bondye pitye ak gras\*.

Sòm 103 :8-11 ; Jan 3 :16-17 ; Women 5 :7-8 ; Efezyen 2 : 4-5 ; 1 Jan 4 :9-10

**K.66** Èske Jezi te alafwa Bondye ak moun ?

**R.** Wi, Jezi te Bondye totalman epi Li te moun totalman.

Jan 1 :1-3, 14 ; Filipyen 2 :5-11 ; Kolosyen 2 :9 ; Ebre 2 :14-15

**K.68** Poukisa Jezi te mouri ?

**R.** Jezi te retire kòlè Bondye lè l mouri nan plas moun ki pechè\*.

Mak 10 :45 ; 2 Korentyen 5 :19-21 ; Galat 3 :13

**K.69** Kouman Pitit ki la pou tout tan Bondye a fè soufri nan plas moun ki se pechè\* yo ?

**R.** Jezi, Pitit Gason Bondye a, te vin tounen yon moun.

Jan 1 :14 ; Galat 4 :4,5 ; Kolosyen 2 :9

**K.70** Kouman Pitit Gason Bondye te fè vin tounen moun ?

**R.** Se pa mwayen Lespri Sen an yo te vin ansent\* Li epi li te soti nan vant yon fanm vyèj\* ki rele Mari.

Ezayi 7 :14 ; Matye 1 :18-21

**K.71** Ki kalite lavi Jezi t ap viv sou tè a ?

**R.** Yon lavi senp, onorab\*, ak imilite.

Matye 8 :20 ; Matye 11 :28-30 ; Lik 4 :18-19 ; 2 Korentyen 8 :9 ;  
2 Korentyen 10 :1

**K.72** Èske Seyè\* Jezi te janm fè peche\* ?

**R.** Non, Li te sen epi san tach.

Jan 8: 20; 2 Korentyen 5:21; Ebre 7:26; 1Pyè 2:21-23

**K.73** Ki kalite lanmò Jezikri te mouri?

**R.** Kris te mouri sou yon kwa\*.

Lik 23 :33 ; Galat 3 :13 ; Filipyen 2 :8

**K.74** Èske Jezi rete nan kavo a li te fin mouri a ?

**R.** Non, Jezi te leve vivan nan lanmò sou twazyèm jou a.

Matye 28 :5-7 ; Lik 24 :5-8 ; Women 4 :25 ; 1 Korentyen 15 :3,4

**K.75** Kimoun Bondye pral delivre anba rezilta peche\* yo ?

**R.** Bondye pral delivre sa yo ki te repanti\* de peche\*. Epi sa ki kwè nan Seyè\* Jezikri.

Mak 1 :14,15 ; Jan 3 :16-18 ; Travay 20 :21

**K.76** Kisa repanti\* vle di?

**R.** Repanti\* se regrèt pou peche\* mwen yo. Epi vire do bay peche\* paske li ofanse Bondye.

Lik 19 :8-10 ; 2 Korentyen 7 :9-10 ; 1 Tesalonisyen 1:9-10

**K.77** Kisa sa vle di kwè oswa mete konfyans\* nan Kris ?

**R.** Gen konfyans\* in Kris se kwè nan Jezi. Nou mete konfyans\* nou sèlman nan li pou sove\* nou. ...

Jan 14 :6 ; Travay 4 :12 ; 1 Timote 2 :5 ; 1 Jean 5 :11-12

**K.78** Ou ka repanti\* epi kwè nan Kris ak pwòp pouvwa pa w ?

**R.** Non, mwen dwe jwenn èd Lespri Sen\* an.

Jeremi 13 :23 ; Jan 3 :5-6 ; Jan 6 :44 ; 1 Korentyen 2 : 14

**K.79** Ki kote moun yo tande laverite konsènan Kris?

**R.** Nan levanjil\* la, bon nouvèl ki ofri yon Sovè\* pou tout moun nan.

Mak 1 :1 ; Travay 15 :7 ; Women 1 :16-17

**K.80** Koulye a, kisa Jezi Sovè\* nou an tounen pou nou ?

**R.** Jezikri vin tounen pwofèt\* nou, Prèt epi Wa nou.

Matye 13 :57 ; Jan 18 :37 ; Ebre 1 :1-3 ; Ebre 5 :5-6 ; Revelayon 1 :5

**K.81** Kouman Jezikri se Pwofèt\* la ?

**R.** Paske li moutre nou kiyès Bondye ye. Epi li anseye nou jan pou nou fè Li plezi.

Detewonòm 18 :18 ; Jan 1 :18 ; Jan 4 :25-26 ; Travay 3 :22 ; 1 Jan 5 :20

**K.82** Poukisa ou bezwen Kris kòm yon Pwofèt\* ?

**R.** Paske nou pa ka konnen Bondye sa Li.

Matye 11 :25-27 ; Jan 17 :25-26 ; 1 Korentyen 2 :14-16

**K.83** Kouman Jezikri se Prèt pou nou an ?

**R.** Li te mouri nan plas nou epi Li pale ak Bondye pou nou.

Sòm 110 :4 ; Ebre 4 :14-16 ; Ebre 7 :24-25 ; 1 Jan 2 :1-2

**K.84** Poukisa nou bezwen Kris kòm Prèt ?

**R.** Paske peche nou te fè nou koupab epi wont

Pwovèb 20 :9 ; Eklezyas 7 :20 ; Ezayi 53 :6 ; Women 3 :10-12 ; Women 3 :23 ; Jan 2 :10

**K.85** Kouman Jezikri se yon a ?

**R.** Li renye sou nou epi Li defann nou.

Sòm 2 :6-9 ; Efezyen 1 :19-23 ; Revelasyon 15 :3-4

**K.86** Poukisa w bezwen Jezi kòm yon Wa ?

**R.** Paske nou fèb epi pè.

2 Korentyen 12 :9-10 ; Filipyen 4 :13 ; Kolosyen 1 :11-13

Ebre 13 :5-6 ; 2 Timote 1 :12

**K.87** Ki benediksyon\* nou resevwa lè nou kwè nan Jezikri ?

**R.** Bondye padone\* nou epi Li deklare nou jis\*.

Bondye resevwa nou nna fanmi Li an tankou pwòp pitit li cheri yo.

Bondye fè nou vin sen\* nan kè\* an nan konpòtman nou.

Bondye fè nou vin san defo nan kò ak nan nanm\* nan rezireksyon\* an.

Women 5:18; Galat 4:4-6; Efezyen 1:5; Ebre 10:10-14

1 Jan 3:2

**K.88** Èske Bondye ban mwen benediksyon\* sa yo paske m te merite yo pou bon konpòtman m?

**R.** Non, Bondye ban mwen benediksyon\* sa yo paske poutèt gras\* Li.

Mwen pa merite yo epi m pa kapab travay pou yo.

Ezayi 64:6; Efezyen 2:8-9; Tit 3:4-7

**K.89** Èske Bondye ap janm retire benediksyon\* Li nan men sa yo ki repanti\* tout bon vre epi ki kwè?

**R.** Non, Jezi p ap janm kite sa yo ki kwè\* nan Li pou sove\* yo.

Jan 10 :27-30 ; Women 8 :38-39 ; Filipyen 1 :6 ; 1 Pyè 1 :3-5

**K.90** Kisa gras\* Bondye ye ?

**R.** Gras\* Bondye a se lanmou ak bonte Li pou nou lè nou pa merite li.

Egzòd 34 : 6 ; Efezyen 1 :7-8 ; 2 Korentyen 8 :9

**KATRIYEM PATI**  
**LESPRI A ANSANM AK LEGLIZ LA**

**K.91** Kisa Bondye vle pou tout moun ki kwè nan Jezi kòm Sovè yo ?

**R.** Li vle yo sen nan kè\* epi nan konpòtman. Li vle yo tankou Jezi.  
Efezyen 1:4; 1 Pyè 1:15; 2 Korentyen 7:1

**K.92** Kouman Bondye fè nou sen\* nan kè\* epi nan konpòtman?

**R.** Bondye ban nou yon nouvo kè\*. Epi Li ban nou Lespri Sen an.  
Ezekyèl 36 :26 ; Women 8 :1-14 ; Galate 5 :22-26 ; Efezyen 1:13.

**K.93** Kiyès Lespri Sen\* an ye?

**R.** Lespri Sen\* an se Bondye. Bondye Papa ak Bondye Pitit la te voye  
Lespri sen\* an.

Matye 28 :19 ; Jan 14 :26 ; Jan 15 :26 ; 2 Korentyen 13 :14

**K.94** Kisa koulye a Lespri Sen an tounen pou nou?

**R.** Lespri Sen an se Konsolatè a, Konpayon an ak Gid pou tout moun  
ki kwè nan Jezi.

Jan 16: 7-8,12-15; Women 8:14-16; 1 Korentyen 6:19; Efezyen 1:14

**K.95** Kijan mwen ka fè konnen Lespri Sen an ap fè sen\*?

**R.** Mwen pral grandi pou m vin plis tankou Sovè m lan, Jezikri. Mwen  
pral wè fwi Lespri a nan kè\* m epi nan konpòtman m.

Kolosyen 1 :9-12 ; Efezyen 3 :16

**K.96** Kisa ki fwi Lespri a ?

**R.** Fwi a Lespri Bondye a se renmen, kè kontan, kè poze, pasyans, bonte, byenveyans, fidelite, jantiyès ak metriz.

Galat 5: 22-23

**K.97** Èske w ap toujou pwospere\* si ou swiv Jezi?

**R.** Non. Mwen ka nan pwoblèm. Kèk fwa m ka souffri osinon jwenn rayisman menm jan Jezi te jwenn nan.

Jan 15 :18-19 ; 2 Timote 3 :12 ; Women 8 :23-25 ; Jak 1 :2-4 ; 1 Pyè 4 :12-13

**K.98** Kouman Bondye ede nou nan moman twoub yo ?

**R.** Li ban m Lespri a pou rekonfòte mwen. Li ban mwen legliz la pou okipe mwen. Li ban m pwomès Li pou travay nan tout bagay pou byen mwen ak pou glwa li.

Women 5 :3-5 ; Women 8 :18 ; 1 Tesalonisyen 5 :11 ; 1 Pyè 4 :12-19 ; 1 Pyè 5 :10

**K.99** Kisa ki Legliz\* inivèsèl la ?

**R.** Legliz\* inivèsèl la fèt ak tout moun Bondye rachte\* yo. Legliz\* la se lafanmi Bondye Papa a. Li se kò Kris, Pitit la. Li se kote Lespri\* Sen\* an ap viv.

1 Korentyen 12 :27 ; Efezyen 3 :14-15 ; Efezyen 5 :23 ; Kolosyen 1 :24 ;  
Ebre 2 :11

**K.100** Kisa ki legliz\* lokal la ?

**R.** Legliz\* lokal la se yon gwoup moun ki kwè nan Jezikri epi ki obeyi ansèyman li yo. Yo adore Bondye ansanm. Yo tande epi aprann pawòl la ansanm. Yo pran swen youn lòt, yo renmen yo. Yo priye epi travay ansanm pou wè wayòm\* Bondye a grandi. Yo batize kwayan yo epi manje soupe Seyè a ansanm.

Matye 28:19-20; Travay 2:41-42; Travay 8:36-39; Travay 14:23;  
Women 6:1-5; 1 Korentyen 11:23-26; Tit 1:5

**K.101** Èske w ta dwe fè pati yon legliz lokal?

**R.** Wi. Legliz lokal la se kominote ki ede mwen grandi epi rete fèm nan konfyans mwen. Se kote m aprann obeyi nouvo kòmandman Jezi a.

Ebre 10 : 24-25

**K.102** Kisa ki nouvo kòmandman Jezi te bay legliz la ?

**R.** Jezi te di : « Renmen youn lòt. Nou dwe renmen youn lòt menm jan m te renmen nou an.”

Jan 13:34

**K.103** Kouman nou ka moutre lanmou sa a pou youn lòt?

**R.** Nou moutre lanmou sa a lè nou bon youn anvè lòt, lapriyè pou youn lòt, epi padone youn lòt. Nou moutre lanmou sa a lè nou onore\* youn lòt, ede youn lòt, epi ankouraje youn lòt. Nou moutre lanmou sa a lè nou youn bay lòt verite a epi mete bezwen youn lòt devan pa nou.

Women 12 :10 ; Efezyen 4 :32 ; Kolosyen 3 :9, 13 ; 1 Tesalonisyen 4 :18 ; Jak 5 :16

**K.105** Kimoun ki ka batize\* ?

**R.** Batèm se pou tout moun ki repanti\* de peche\* yo. Li se pou sa yo ki kwè nan Jezi pou Sali\*.

Travay 2 :38,39 ; Travay 8 :36-37 ; Travay 16 :30-33

**K.106** Kisa batèm\* vle di ?

**R.** Batèm\* se yon siy inite kwayan\* an ak Kris lè Li te mouri, te antere epi te leve soti nan lanmò. Li vle di m fè pati legliz Li a.  
Travay 16 :30-33 ; Women 6 :3-5 ; Kolosyen 2 :12

**K.107** Kijan kretyen yo raple youn lòt lanmò Jezi pou yo?

**R.** Nou patisipe ansanm nan soupe Seyè.  
Mak 14 :22-24 ; 1 Korentyen 11 :23-29

**K.108** Kisa Soupe a Seyè\* a ?

**R.** . Nan soupe Seyè\* a nou manje pen epi bwè koup la. Nou fè sa pou nou sonje lanmò Jezikris la.  
Mak 14: 22-24; 1 Korentyen 11: 23-29

**K.109** Kisa pen an vle di?

**R.** Pen kase a pale sou kò kraze Kris la. Li te mouri yon fwa poutèt peche\_ nou yo.  
Matye 26:26; 1 Korentyen 11:24

**K.110** Kisa koup la vle di ?

**R.** Koup la pale sou san Jezi a. San li te koule yon sèl fwa pou Sali\* nou.  
Matye 26 :27-28 ; 1 Korentyen 11 :25 ; Ebre 9 :26-28

**K.111** Ki moun ki ta dwe manje Soupe a Seyè\* a?

**R.** Soupe Seyè a se pou tout moun ki repanti\* de peche\* yo . Li se pou tout moun ki kwè nan Kris pou sali\*.  
1 Corinthians 10: 16,17; 1 Korentyen 11: 18-29

**K.112** Kilès ki fè batèm\* epi ki bay legliz\* la Soupe Seyè\*?

**R.** Seyè \* a, JeziKris.  
Matye 26: 26-29; Matye 28: 18-20

**K.113** Poukisa Jezikris te bay legliz la batèm\* ak soupe Seyè\* a?

**R.** Jezikris te bay sa yo pou moutre pèp Li a se pou Li. Aksyon sa yo fè nou sonje sa Jezi te fè pou nou.

Matye 28:19; Women 6:1-5; 1 Korentyen 11:23-26

**K.114** Kisa ki te dènye kòmandman Kris la sou tè pou nan legliz\* Li a?

**R.** "Mwen te resevwa tout otorite nan syèl\* la ak sou tè a. kidonk, ale epi fè disip\* nan tout nasyon yo. Batize \* yo nan non Papa a ak Pitit la epi Lespri Sen\*an. Anseye yo pou yo obeyi tout bagay mwen te kòmande nou. Epi asire nou ke mwen toujou avèk nou, jouk sa kaba."  
"

Matye 28: 18-20

**K.115** Kisa ki Jou a Seyè\* a?

**R.** Jou A. Seyè\* a se premye jou a nan semèn nan. Premye kretyen yo te rasanble pou yo adore \* nan jou sa a.

Travay 20: 7; 1 Corinthians 16: 2; Revelasyon 1:10

**K.116** Poukisa yo rele li Jou Seyè\* a?

**R.** Paske se nan jou sa a Kris te leve lanmò.

Matye 28: 1-6; Lik 24: 1-6; Jan 20: 1

**K.117** Kouman nou ka pi byen pase Jou Seyè\* a?

**R.** Nou pi byen pase Jou Seyè\* a lè nou rasanble ak pèp Bondye a yo adore \* li epi ankouraje \* youn ak lòt nan lafwa nou.

Sòm 27: 4; Women 12: 9-13; Kolosyen 3:16

**SENKYEM PATI**  
**LAPRIYE AK ESPWA**

**K.118** Kisa lapriyè ye ?

**R.** Lapriyè se lè nou pale ak Bondye. Nou remèsye Li pou bonte Li. Nou konfese peche\* nou. Nou mande bagay ki fè li plezi.

Matye 6: 6; Filipyen 4: 6; 1 Jan 5:14

**K.119** Nan non kiyès nou dwe lapriyè?

**R.** Nou dwe lapriyè nan non Jezi.

Jan 14: 13-14 ; Jan 16:23

**K.120** Kilè ak ki kote nou dwe lapriyè?

**R.** Nou ka lapriyè Bondye nenpòt kote , nenpòt lè.

Matye 6: 6; Efezyen 6:18 ; Travay 21: 5; Kolosyen 4: 2

**K.121** Kisa Jezi te ban nou pou li te ka moutre nou lapriyè ?

**R.** Jezi te ban nou Lapriyè Seyè\* a.

Matye 6: 9-15 ; Lik 11: 2-4

**K.122** Kisa ki Lapriyè Seyè\* a?

**R.** Papa nou ki nan syèl\* la,  
Se pou nou onore\* non ou,  
Se pou Wayòm\* ou vini.  
Se pou sa ou vle rive, rive,  
Sou latè, tankou nan syèl\* la.  
Ban nou jodi a pen chak jou nou.  
Padone\* peche\* nou yo,  
Menm jan nou menm tou nou te padone\*  
Sa yo ki peche \* kont nou.  
Ede nou pa fè peche\* lè nou tante.  
Pwoteje nou anba sa ki mal\*  
Matye 6: 9-13

**K.123** Konbyen demand ki gen nan Lapriyè Seyè a?

**A.** Gen sis demann.

**K.124** Kisa premye demand lan ye?

**R.** " Se pou nou onore\* non ou."

Matye 6: 9; Lik 11: 2

**K.125** Pou kisa nou lapriyè premye demand lan?

**R.** Nou priye pou tout moun fè lwanj pou non Bondye.

Sòm 8: 1-2; Sòm 72: 18-19; Sòm 113: 1-3

**K.126** Kisa dezyèm demand lan ye ?

**R.** « Se pou Wayòm\* ou vini. »

Matye 6:10; Lik 11: 2

**K.127** Pou kisa nou lapriyè dezyèm demand lan?

**R.** Nou priye pou tout moun nan mond lan tandè epi yo kwè bon  
nouvèl la. Nou priye pou yo obeyi Jezi kòm Seyè\*.

Jan 17: 20-21; Travay 8:12; Acts 28: 30-31; Revelasyon 11:15

**K.128** Kisa twazyè demand lan ye ?

**R.** Se pou sa ou vle rive, rive, sou latè, tankou nan syèl\* la.

Matye 6 :10

**K.129** Pou kisa nou lapriyè twazyèm demand lan?

**R.** Nou priye pou moun ki sou tè a fè sa Bondye vle nan tout bagay, tankou zanj\* yo fè nan syèl\* la.

Sòm 103: 19-22; Sòm 143: 10

**K.130** Kisa katriyèm demand lan ye ?

**R.** « Ban nou jodi a pen chak jou nou. »

Matye 6:11; Lik 11: 3

**K.131** Pou kisa nou lapriyè katriyèm demand lan?

**R.** Nou lapriyè pou Bondye ban nou tout bagay nou bezwen pou kò nou.

Sòm 145: 15-16; Provè 30: 8-9; Matye 6: 31-33

**K.132** Kisa katriyèm demand lan ye ?

**R.** « Padone\* peche\* nou yo, menm jan nou menm tou nou te padone\* sa yo ki peche \* kont nou. »

Matye 6:12; Lik 11: 4

**K.133** Pou kisa nou lapriyè senkyèm demand lan?

**R.** Nou lapriyè pou Bondye padonnen\* peche\* nou. Epi nou lapriyè pou Bondye ede nou padone\* sa yo ki ofanse nou.

Sòm 51: 2-3; Matye 5: 23-24; Efezyen 4:32

**K.134** Kisa katriyèm demand lan ye ?

**R.** « Ede nou pa fè peche\* lè nou tante. Pwoteje nou anba sa ki mal\* »

Matye 6:13; Lik 11: 4

**K.135** Pou kisa nou lapriyè senkyèm demand lan?

**R.** Nou lapriyè pou Bondye konsève nou kont peche \*.epi pwoteje nou anba sa ki ma\*.

Sòm 119: 11; 1 Korentyen 10:13; 2 Timote 4:18

**K.136** Kisa lapriyè anseye nou ?

**R.** Lapriyè anseye nou pou nou kwè\* Bondye konplètman pou èd Li. Efezyen 6 :18 ; Filipyen 4 :6 ; Ebre 4 :16

**K.137** Ki kote Kris ye koulye a ?

**R.** Kris nan syèl\*, bò dwat Bondye Papa a.

Mak 16 :19 ; Travay 5 :31 ; Women 8 :34

**K.138** Èske Kris ap vini sou tè sa a ankò?

**R.** Wi, L ap vini pou li ka jin tout moun nan mond lan nan dènye jou a. Epi L ap sove sa yo ki ap tan Li.

Matye 25 :31-32 ; 2 Tesalonisyen 1 :7-9 ; 2 Timote 4 :1 ; Ebre 9 :28

**K.139** Kisa ki rive Jis\* yo lè yo mouri ?

**R.** Kò jis\* yo retounen nan pousyè. Nanm\* yo al jwenn Seyè\* a.

Jenèz 3 :19 ; Eklezyas 12 :7 ; 2 Korentyen 5 :8

**K.140** Kisa ki rive moun ki mechan yo lè yo mouri ?

**R.** Kò moun ki mechan yo retounen nan pousyè. Nanm\* yo soufri pinisyon. Bondye kenbe yo pou jou Li ap vin jije a.

Lik 16:23-24; Jan 5:28-29; 2 Pyè 2:9

**K.141** Èske moun mouri yo ap leve ankò?

**R.** Wi, tout mò yo pral leve lè Kris retounen.

Danyèl 12 :2 ; Jan 5 :28-29 ; Travay 24 :14-15

**K.142** Kisa ki pral pase moun mechan yo nan jou Kris ap vin to jije a ?

**R.** Bondye pral pini yo nan lanfè\* ak destriksyon ki p ap janm fini. Yo pral chase nan prezans pou tout tan.

Matye 25:41,46; Mak 9:47,48; Lik 12:5; Lik 16:23-26;  
2 Tesalonisyen 1:9; Revelasyon 20:12-15

**K.143** Kisa ki pral rive moun ki jis\* yo?

**R.** Moun ki jis\* yo pral viv ak kè kontan ak Bondye. Yo pral viv pou tout tan nan yon syèl\* tou nèf an yon tè tou nèf.

Ezayi 66 :22-23 ; 2 Pyè 3 :13 ; Revelasyon 21 :2-4

**K.144** Kouman syèl\* tou nèf la ak tè tou nèf a pral ye ?

**R.** Nan syèl\* tou nèf la ak tè tou nèf la nou pral avèk Bondye. Nou p ap janm peche ankò. Nou p ap janm mouri ankò. P ap gen malediksyon ankò. P ap gen tristès ankò epi p ap gen doule ankò. Nou p ap janm koupab ankò, pè oswa wont. Nou pral konnen yon kè kontan ki sot nan Bondye.

Ebre 12:22-23; Jid 24; Revelasyon 21:1-5; Revelasyon 2: 1-4

## LIS MO

<b>Mo</b>	<b>Expplikasyon</b>
Adiltè	Adiltè vle di fè sèks ak yon moun ki pa pwòp madanm osinon mari.
Adoption	Adopsyon se aksyon legal ki mennen yon moun nan yon fanmi. Moun sa a vin leve tankou pwòp pitit nou. Anvan, nou te etranje pou Bondye epi nou te lenmi Bondye. Men koulye a Bondye rele nou pwòp pitit li cheri.
Adorasyon	Adore se montre Bondye Li gran epi nou renmen Li anpil anpil. Adore se bay onè* [gade onè] epi remèsiman pou Bondye. Sa nou dwe fè lè noua k Bondye.
Ansent	Se moman sa a, nan fè yon ti bebe, kote yon nouvo lavi kòmanse nan vant yon fanm.
Batèm / Batize	Yon lidè legliz* mete yon moun anba dlo pou yon moman. Apre sa, yo retire moun nan nan dlo a. Nan fason sa a, nou montre Kris la fè nou pwòp. Nou montre tou nou fè pati legliz* la. Lè nou batize, sa fè nou sonje Jezi ki te mouri. Moun yo te mete Li nan yon kavo. Men, Li te leve soti nan lanmò.
Benediksyon	Benediksyon se bon bagay Bondye fè pou nou yo. Lè nou mande Bondye pou Li beni nou, nou mande Li pou Li ede nou epi fè sa ki byen nan nou.
Disip	Yon disip se yon moun k ap swiv yon lòt moun epi k ap aprann de li. Yon moun ki kwè nan Jezi. Yon moun k ap swiv sa Jezi anseye.
Dyab	Dyab se lòt non pou Satan*. Satan* se sa ki pa bon nan move zanj* yo. (wè zanj)
Glwa	Glwa Bondye se yon bagay ki fè Bondye bèl epi gran, tankou yon gran wa.
Gras	Gras se yon kado Bondye nou pat dwe jwenn akòz move bagay nou te fè yo. Gras se sa Bondye ban nou paske Li tèlman bon ak nou. Padon* ak èd ki soti nan Bondye.

Israyèl	Peyi a kote moun ki jwif yo t ap viv la. Moun pèp Israyèl se yon lòt non pou pèp jwif la. Yo se pitit Abraram, Izzarak ak Jakòb.
Jis	Jis vle di an akò ak Bondye. Jis la se moun yo ki dwat ak Bondye. Lè Bondye fè yon moun dwat ak Li, Li wè moun sa a kòm pwòp. Yon moun jis se zanmi Bondye ni se pa lènmi Li.
Jou repo	Jou repo (Saba) se te jou Bondye te repoze nan travay kreyasyon Li an. Jou repo a se te yon jou kote Bondye te di Jwif* yo pou yo pa travay. Li te yon jou espesyal lè yo te repoze epi te adore Bondye.
Jwif	Yon jwif se yon moun ki pran nesans nan Abraram, Izzarak ak Jakòb, ak pitit yo. Yon moun ki gen lafwa* jwif yo.
Kè	Kè se pati ki pi enpòtan nan yon moun. Pati nan yon moun ki santi epi panse epi deside bagay yo.
Kontan	Kontan se gen kè kontan ak sa nou genyen. Se konnen sa nou genyen an ase.
Kwa	Yon kwa se de (2) moso bwa ki kole ansanm. Lè Jezi t ap viv, moun yo te konn kloure kriminel yo sou yon kwa pou touye yo. Jezi te mouri sou yon kwa.
Kwayan	Yon kwayan se yon moun ki konnen epi mete konfyans Kris.
Kwè	Kwè se swiv yon bagay osinon yon moun ou panse ki verite. Gen lafwa* epi aji avèk lafwa*[gade lafwa]
La pou tout tan	Bagay ki te toujou la osinon k ap toujou kontinye la yo la pou tout tan. Yon bagay ki pa gen kòmansman ni fen.
Lafwa	Lafwa vle di kwè nan yon moun osinon yon bagay. Kwè* epi mete konfyans nan Bondye. Konnen Bondye reyèl, menm lè nou pa kapab wè Li.
Lalwa	Règ yon dirijan fè pou di moun jan pou yo viv. Règ yo Bondye te bay Moyiz pou moun pèp Izrayèl yo.
Lanfè	Lanfè se kote Bondye te separe moun mechen de Limenm. Lanfè se espas pinisyon pou moun mechen yo apre lanmò.

Legliz	Legliz se yon gwoup moun k ap swiv epi ki kwè tout bagay ki konsène Jezikris. Yo reyini ansanm. Yo batize* kwayan* yo. Yo manje soupe Seyè a. Yo obeyi ansèyman Kris yo.
Lespri	Yon espri se yon èt ki pa gen yon kò epi pèsonn pa ka wè li. Bondye se Lespri. Bondye fè lòt èt, espri (zanj *) nou pa ka wè, ki ka bon oubyen pa bon. Pafwa, yo konn rele lespri* yon moun nanm* moun [gade nanm].
Lespri Sen	Lespri Bondye (gade espri) Jezi te voye pou ede moun. Lespri Sen se lòt non pou Bondye. Yo rele Li tou Lespri Bondye, Lespri Kri epi Lespri k ap ede nou. Lespri Sen an se yon pèsòn, men se pa yon moun men jan nou ye a. Li se Bondye, egal ak Bondye Papa a epi ak Bondye Pitit la (gade Trinite tou). Li fè travay Bondye pami moun nan mond lan. Pèsonn pa wè Lespri Sen an men Li viv avèk epi nan sa yo ki konnen Jezi.
Malediksyon	Yon mo ki gen anpil pouvwa ki ka mennen malè ak pinisyon sou yon moun osinon yon bagay.
Nanm	Nanm lan se pati nan yon moun nou pa ka wè ; ki nan nou pandan lavi nou, epi k ap viv apre nou fin mouri. Bondye te bay Adan ak Èv yon nanm lè Li te soufle lavi nan yo. Pafwa, yo konn rele nanm yon moun lespri* moun nan [gade lespri].
Onè	Onore yon moun se pale byen yon moun. Aji byen pou yon moun paske ou respekte epi ba li valè.
Onorab	Aji byen. Viv nan yon fason ki montre respè pou Bondye epi pou moun. Se yon moun ki fè bagay ki byen epi ki dwat.
Padone	Padone se montre lanmou epi pa sonje move bagay yo kont yon moun. Lè Bondye padone nou, Li pa kenbe move bagay nou fè kont li yo.
Peche/Pechè	Peche se bagay mal moun fè kont Bondye oswa kont lòt moun. Lè nou pa swiv règleman Bondye mete yo, nou peche. Tout moun fè peche paske yo fè bagay ki kont Bondye oswa kon lòt moun. Tout moun fè peche paske yo te fèt ak move dezi.
Pwofèt	Yon pwofèt te youn ki te kapab di lòt moun sa Bondye te vle. Sa fè yon bon bout tan depi pwofèt yo te pale pou Bondye. Yon moun ki te di bagay ki ta pral rive nan lavni.

Pwospè	Pwospere se jwi se yo jwi bon bagay. Pwospere se gen bon sante oswa rich. Nou pwospere lè nou jwi bonte lòt moun.
Rachte	Tounen achte yon bagay apre li te fin pèdi oswa yo te fin pran l. Peye yon pri pou fè yon bagay vin pa w.
Repanti	Repanti se vire do bay peche. Fè sa Bondye vle nou fè. Deside pou pa fè move bagay ou te fè nan tan lontan yo.
Respè	Respè vle di trete yon moun kòm si yo gen anpil valè.
Rezireksyon	Rezirèksyon vle di leve soti nan lanmò. Vini vivan ankò.
Satan	Satan se lòt non pou Dyab*. Satan* se pi mal nan move zanj* yo. (gade zanj).
Sen	Lè w sen se lè w apa pou Bondye. Tankou Bondye se yon kwayan. Lè nou sen nou pa gen peche. Nou pwòp devan Bondye.
Seyè	Seyè se non Bondye nan bib la. Sa vle di Li sou tèt tout lòt bagay epi mèt tout bagay.
Sovè	Jezikri se Sovè. Yon moun ki mennen nou tounen bay Bondye epi delivre anba pinisyon pou move bagay nou te fè.
Sove/Sali	Sali se lè Bondye delivre nou anba rezilta ak pouvwa peche*. Sove oswa delivre anba move bagay yo.
Syèl	Syèl se kote Bondye ak Kris ye. Bondye ap viv epi ap reye la. Syèl se kote moun ki vrèman konnen Bondye ak Jezi yo prale apre yo fin mouri. Kote moun pral toujou kontan epi p ap gen pwoblèm. Syèl tou nèf ak tè tou nèf se pral kay moun ki konnen Bondye yo.
Trinite	Trinite se mo nou itilize pou pale de yon Bondye ki se twa pèsòn : « Bondye Papa a, Bondye Pitit la, (Jezi), epi Bondye Lespri Sen* an.
Vyèj	Yon vyèj se yon moun ki pat konn ap fè sèks.
Wayòm	Yon wayòm se kote yon wa ap gouvène. Yon peyi kote yon wa gouvène. Wayòm Bondye se kote Bondye ap gouvène.
Zanj	Yon zanj se yon sèvitè Bondye pou pote mesaj Li yo. Yon zanj se yon espri*. Yon zanj di bon bagay sou Bondye. Yon zanj fè

sa Bondye mande. Yon zanj fè byen pou moun ki nan lafanmi Bondye. Yon move zanj ap travay pou Satan\*.

Zidòl

Yon zidòl se yon bagay fèt an bwa, wòch oswa metal moun lapriyè. Yo ta dwe adore\* Bondye. Yon zidòl se foto yon moun oswa yon bagay yo renmen nan plas Bondye. Yon vye estati se yon fo bondye. Yon bagay yon moun renmen plis pase Bondye.

**Pou jwenn yon vèsyon elektwonik nan liv sa a, vizite :**

[www.asimpleword.org](http://www.asimpleword.org)